

**NGARONJATKEUN MOTIVASI DIAJAR NGALIWATAN TARÉKAH
NGAGUNAKEUN MODEL INKUIRI TERBIMBING SUBTEMA II
KEBERSAMAAN DALAM KEBERAGAMAN**

(Panalungtikan Tindakan Kelas dina Pamilon Didik Kelas IV SDN Dangdang 02
Kecamatan Kertasari Kabupaten Bandung)

**Ku
Dwitha Mina Andini Sukanda
155060133**

ABSTRAK

Tujuan ieu panalungtikan téh pikeun ngaronjatkeun motivasi diajar ngaliwatan tarékah ngagunakeun modél inkuiri terbimbing dina Subtema II Kebersamaan dalam Keberagaman. Ieu panalungtikan perenahna aya dina panalungtikan tindakan kelas, nu dilaksanakeun di kelas IV SDN Dangdang 02, sarta dikasangkutan ku sabab guru ngan ngagunakeun métodeu ceramah anu henteu ngajak pamilon didik dina prosés diajar (pembelajaran), anu antukna maranéhna kurang kamotivasi pikeun nuturkeunana. Ieu panalungtikan tindakan kelas téh ngagunakeun sistem siklus. Anapon siklus anu digunakeun lobana aya tilu. Saban siklus ngawengku tahap perencanaan, palaksanaan, observasi, jeung réfléksi. Ieu tahap téh satuluyana digabungkeun jeung tahap pembelajaran modél inkuiri terbimbing anu diwangun ku genep tahap, nyaéta 1. Orientasi; 2. Ngarumuskeun masalah; 3. Ngarumuskeun jawaban saheulaanan (hipotésis); 4. Ngumpulkeun data; 5. Nguji hipotésis; jeung 6. Nyieun kacindekan. Téhnik méré pangajén nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik non tés ku mangrupa angkét pikeun mikaweruh gedéna sumanget diajar pamilon didik sanggeusna diasongan modél pembelajaran inkuiri terbimbing. Tétéla hasilna ngébréhkeun yén digunakeunana éta modél téh bisa ngaronjatkeun motivasi diajar pamilon didik. Hal ieu bisa dibuktikeun ku ningkatna motivasi dina saban siklus, sok sanajan dina siklus I motivasi anu luhur masih saeutik mun dibandingkeun jeung tingkat motivasi anu rendah, nyaéta 48% (kurang) ngabanding 52%. Dina siklus II, perséntase motivasi diajar nu luhur leuwih ningkat batan dina siklus I, sarta perséntaseuna jadi leuwih gedé dibandingkeun perséntaseu motivasi diajar pamilon didik nu rendah, kalawan angkana 57% (cukup) ngabanding 43%. Anapon dina siklus III nu mangrupa siklus pamungkas, perséntaseu motivasi diajar saluyu jeung nu dipiharep ku anu ngayakeun ieu panalungtikan, lantaran perséntaseu motivasi diajar nu rendah beuki saeutik, nyaéta 19%. Perséntaseu pamilon didik nu luhur geus kahontal 81% (hadé). Kacindekan tina ieu panalungtikan téh nyaéta ngagunakeun modél pembelajaran inkuiri terbimbing bisa ngarojong tarékah ningkatkeun motivasi diajar pamilon didik, sarta muga-muga waé ngagunakeun ieu modél téh bisa dijieun conto enggoning nyiptakeun pembelajaran anu aktif jeung ngandung ma'na.

Kecap Pamageuh: *Inkuiri Terbimbing, Motivasi diajar*